

MUHUPO HWAVO



Maita henyu, Hama Neville, Ishe vakuropafadzei zvikuru.

Uye manheru akanaka, shamwari. Mukana mukuru zvakare manheru ano, uye tichinzwa Hupo husingambokundike hwaIshe wedu, sezvaVakapa vimbiso. Uye zvino, ndinoziva kuti vazhinji venyu masara nokuda kweMharidzo duku manheru ano, izvo zvandinotenda zvikuru kwazvo. Uye vazhinji venyu munofanira kutyaira kure zvakare manheru ano, kuti musvike kumba. Vamwe mabuda mumahotera enyu, sekunzwisisa kwandaita. Uye tichaedza kuti tisakuchengetai kwenguva refu, saka ndicho chikonzero tauya nekukurumidza kuti tigokurumidza kubva.

² Uye zvino tichadaro, nekukurumidza kwandingagona, ndichazivisa patinenge tava kuda kutanga, Ndafonerwa masikati ano, ndichiziva patichazotanga pamabhuku aya, kana zvitsauko izvi. Uye ndinofunga, kana Ishe vachitendera, ndinoda kutora, nguva inotevera yatinotanga, paZvisimbiso Zvinomwe zvaZvakazarurwa, nezvisimbiso zvinomwe zvepanyama. Uye, zvino kana tikapedza nenguva, totora zvisimbiso zvinomwe zviru seri kweBhuku, maona. Zvino, zvinogona kutora nguva yakati kuti. Munoono, pane zvisimbiso zvinomwe zvakazarurwa; pane matenda manomwe, hwamanda nomwe, zvinomwe zvose izvozvo; Zvino zvisimbiso izvozvo tinogona kuzvitora kutanga. Asi zvino kuseri kweBhuku rakanamwa nezvisimbiso zvinomwe. Dhanieri akanzwa manzwi, kutinhira, uye akarambidzwa kuzvinyora. Johane akarambidzwa kuzvinyora. Asi rakanga rakanamwa kuseri kweBhuku, ndiko kuti, mushure mekunge zvakavanzika zvese zveBhuku zvapihwa nekuzarurwa. Munocherechedza Danieri akati ipapo, “Zvakavanzika mumazuva emanzwi aya, chakavanzika chaMwari chinofanira kubhedhenurwa nenguva iyoyo.” Munoono, “chakavanzika,” chokuti Mwari ndiani, kuti Vakaitwa nyama sei, zvinhu zvose izvi zvinofanira kunge zvabhedhenurwa panguva iyoyo. Uye ipapo—ipapo tagadzirira Zvisimbiso Zvinomwe zviru kuseri kweBhuku, izvo zvisina kana kuzarurirwa kumunhu, zvisina kana kumbonyorwa muBhaibheri, asi zvinofanira kunyatsoenderana chaizvoizvo neBhaibheri rose, uye ndinofunga kuti chichava chinhu chikuru.

³ Saka zvino tichaedza kukurumidza kuti tipedze. Tinotenda mumwe nemumwe wenyu nekuda kwemutsa wenyu nehuvepo hwenyu, ne—nezvose zvamakaita, tinokutendai zvikuru. Uye zvino ndi—ndiri kuvimba kuti hatikuchengetei kwenguva yakarebesa manheru ano, nekuti mune moyo murefu kugara, kumira. Mudzimai wangu ati kumashure uko, anga achitaura nezvemamheru apfuura, akati, “Ndakaona madzimai aitove

vafemu, akamira ipapo, uye zvipfeko zvavo zvakanyorova, vakamira ipapo, vachingotora Shoko rose.” Ndicho chikonzero ndichifarira kugara pasi pechizoro cheMweya Mutsvene, kuti paunobuda unenge uchiudza vanhu ivavo Chokwadi chakatendeka, munoono, uye pasina chimwe chinhu kunze kweChokwadi. Uyezve vanogona kuzembera paChiri uye zvinenge zvakanaka.

⁴ Zvino ndinoda kukukumbirai ruregerero kwenguva shoma. Ndati kurumidzei kubuda mangwanani ano. Uye matepi akadzimwa panguva ino, uye ndi—ndiri muchinguva chandinoudza vanorekodha nguva yekubatifidza tepi. Ndinoda kupedzisa *Kuverenga Nenhendashure*, maminiti mashanu ayo, ndisati ndaenda. Ndakanganwa ndokuenda hangu, ndazongobatikana mangwanani ano kusvikira ndazongobuda ndisina chandataura nezvazvo. Asi, ndaita sekukusiyai, “Kuverenga nenhendashure chaiva chii?” Maona? Ndinoziva kuti tiri mukuverenga nenhendashure, asi chii chinonzi kuverenga nenhendashure? Maona? Kana usingazive kuti kuverenga nenhendashure chii, saka unenge wakaita sekuvhiringika. Uye saka ndi—ndinoda ku—kuzviburitsa, chete, uye ndoedza kuva mumatauriro mamwe chete andanga ndiri kuti ndipedzise tepi iyi zvino, kuitira kuti tepi ibude, *Kuverenga Nenhendashure*. Zvino imi mose muchandiregererawo kwechinguvana, uye ndinoda kupedzisa tepi iyoyo. Muchazviita here kwechinguvana, tobva tatanga pane imwe? [Ungano inoti “Ameni.”—Mupepeti] Saka zvino—zvino matepi rekodha, kana mungadaro, batidzai tepi yenyu zvino. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

[Hama Branham vanotsanangura mundima 4-5 kuti vakaisa chikamu ichi chisipo mumharidzo yavo yemangwanani ine musoro wekuti *Kuverenga Nenhendashure*, sendima 106-111—Mupepeti]

⁵ Tichangouya kubva kunzvimbo dzakasiyana-siyana, uye takava nenguva yakanaka mumharidzo nhatu dzapfuura, dzekutaura pamusoro pechidzidzo che—chedzidziso dzakasiyana nezvimwe zvakadaro zvatakaunza. Ndinongorangerira kuti panguva ino ndichaisa kanzvimbo kadiki imomo, imi vanhu vari patepi, kuti muchinje pamatepi enyu. Ndichakuudzai pekugadzirira kubatidza. Zvakanaka. Zvino, ndinofanira kutarisa izvi. Zvinoita sekunge chitsamha chetsika dzakagadzirwa, asi vakomana ava vanofanira kuwana tepi. Uye havagoni kuiita kuti inge yakavhiringidzwa; kana vakadaro, vanhu kunze uko havangazoinzwisise. Saka tinofanira kuzvitora nenzira iyi. Uye kana mumwe munhu akangobuda mukamuri ondizivisawo ipapo, Junior, pavanenge vagadzirira kuti matepi achinjaniswe. Ndinokutendai zvikuru, shamwari, ndinoti zvakare, nokuda kwemutsa wenyu wose

uye nezvose. Zvakanaka, tagadzirira zvino, munogona henyu kuabatidza.

⁶ Ishe vakuropafadzei. Tinofara kuva muno mutabhenakeri zvakare manheru ano. Nzvimbo yakazarisa nevanhu vazhinji vakamirapo zvakare manheru ano, nemazuva matatu eku... kana kuti neshumiro dzakaitwa katatu. Ndinoda kuti kana ani zvake anoteerera tepi iyi, kuti angade kudzoka kuzatora tepi yanezuro manheru. Woinzvera mumba mako. Ndicho chinhanho cha—chazvino cheshumiro yandakapiwa naShe. Kunyanya ndinoda kuti vashumiri vainzwe ndisati ndashanyira machechi avo uye nekuuya mudzimba dzavo. Zvino ndinoda kuti va—vaiwane. Zvino, mangwanani ano tataura pamusoro pechidzidzo che*Kuverenga Nenhendashure*, Chechi yagadzirira kuenda.

⁷ Uye zvino manheru ano, Mwari vachitendera, tiri kutaura pamusoro pechidzidzo che*Muhupo HwaVo*. Uye, oo, tinotenda Mwari sei nemukana wekuti tinokwanisa kuuya muHupo hwaVo. Asi, chokutanga, ndinoshuva kuti mose muphure neni mumaBhaibheri enyu kuna muporofita Isaya, chitsauko 6 chemuporofita Isaya. Tese tinoziva kuti Isaya aive muporofita mukuru, uye mumwe wevaporofita vakuru venguva yake. Akagumisa hupenyu hwake nokuchekwa—chekwa nemasaha, kuti ave chapupu, seuyo anofira kutenda kusimba raMwari Samasimba. MuBhuku raIsaya, chitsauko 6, ndinotangira pandima 5, kuverenga. “Zvino ndakati, ‘Ndine nhamo!’ Nokuti...” Zvichida nditange nendima 1. Ndiregerereiwo kwechinguvana. Ngatitangirei pandima 1 uye toverenga tichidzika kusvika neche pandima 8.

Mugore rokufa kwamambo Uziya ndakaona Ishe agere pachigaro choushe, chirefu chakakwirira, uye mipendero yenguvo dzake yakazadza temberi.

Kumusoro kwacho kwakanga kumire maserafimi: imwe neimwe ine mapapiro matanhatu; namaviri yakafukidza chiso chayo, namaviri yakafukidza tsoka dzayo, uye namaviri yakanga ichibhururuka nawo.

Zvino imwe yakadanidzira kune imwe, ichiti, Mutsvene, mutsvene, mutsvene, iye JEHOVHA Mwari wehondo: uye nyika yose izere nokubwinya kwake.

Uye zvigwatidziro zvemukova zvikazungunuka nenzwi rowakanga achidana, zvino imba ikazadzwa noutsi.

Ipapo ndikati, Ndine nhamo! nokuti ndoparara; nokuti ndiri munhu wemiromo ine tsvina, uye ndigere pakati pa...vanhu wemiromo ine tsvina: nekuti meso angu aona Mambo, JEHOVHA wehondo.

Ipapo imwe yemaserafimi yakabhururukira kwandiri, yakabata zimbe rinopfuta muruoko rwayo, rayakanga yatora nembato kubva paaritari:

Ndokuriisa pamuromo wangu, uye ikati, Tarira, iri ragumura miromo yako; uye kusarurama kwako kwabviswa, uye zvivi zvako zvacheneswa.

Zvakare ndakanzwa inzwi raShe, richiti, Ndianiko wandingatuma, uye ndiani ungiendera? Ipapo ndikati, Ndiri pano hangu; nditumei.

⁸ Dai Ishe varopafadza Shoko raVo. Ndinofunga kuti iGwaro rinonyatsobata zvakadzama. Tinoona kuti, muHupo hwaMwari, vanhu vanozvicherechedza kuti vatadzi. Tinogona kunzwa zvakaisvonaka patinenge tiri kunze kunzvimbo dzakasiyana, uye tichinzwa sekuti tiri vanhu vakaisvonaka, asi kana tikambopinda muHupo hwaMwari, tinobva taona kuti tiri vaduku zvakadini.

⁹ Ndakamira kasiri kare nesha—shamwari yangu yandakava nemukana wakanaka wekutungamirira kuna Kristu, Bert Call, kumusoro kuNew Hampshire, mumwe wandinovhima naye, takanga takamira pedyo neMapopoma eCold Brook kumusoro muAdirondack, uye akanga ari mapopoma makuru kwazvo. Ndakaenda nemhuri yangu gore rakapera kumusoro ikoko kuti vaane. Kuseri-seri tabva munzira, unofanirwa kukwira makomo kuti usvike kwaari. Uye patakaona mvura iya yebhuruu negirinhi ichiwodzvoka nesimba guru rakadaro kubva mumakomo, uye ichiyerera zvine simba ichidzika nepamusoro pematombo, Bert akamira ipapo ndokunditarisa, iye ndokuti, “Vakomana, Billy, zvinoita kuti munhu anzwe kuva mudiki *kudai*,” akayera chinenge chikamu chimwe chete kubva muzvina cheinji pazvignwe zvake. Ini ndikati, “Ndizvozvo, Bert.” Zvino, ndizvo zvoga zvaaziva zvokupinda muHupo hwaMwari, kuona zvisikwa zvaVo.

¹⁰ Handizive murume akanyora *Muri Mukuru*, kana asina kutarira kumusoro humwe husiku ndokutarisa nyeredzi, kuti dziri kure-kure zvakadini! Mwedzi mishoma yapfuura, Hama Fred, Hama Wood neni, takanga takamira naHama Mc Anally kunze mugwenga reArizona, takanga tichiyera, tichiedza, nyeredzi imwe, kuti yaive pedyo zvakadini neimwe. Uye dziri kure nemamiriyoni nemabhiriyoni emamaira, dzaisataridzika kupfuura chikamu chimwe chete kubva muzvina cheinji imwe kubva kune imwe. Zvino tinotanga kufunga, maererano nehumbowo hwesainzi hweizvozvo, nyeredzi idzodzo pamwe dzitori kure nekuresa imwe kubva kune neimwe kupfuura zvatiri nadzo. Munoono zvazviri?

¹¹ Zvino tinocherechedza kuti tiri vadiki zvakadini patinocherechedza kuti Vakuru zvakadini, uye kuti taswadera pedyo zvakadini pakuuya kuHupo hwaVo. Neimwewo nzira,

zvakagara zvichikandira runziro huru pavanhu kuuya muHupo hwaMwari. Ndakaona nguva mushumiro yangu apo waiona Hupo hwaMwari huchiuya munzvimbo yokuti hwaiunza munhu kumusoro uye hwongobhedhenura hupenyu kwavari, uye hwodana zvivi zvavo zvevarudzi ose emaitiro ehunzenza, uye hwounza rumwe runyararo rutsvene rwakadaro pakati pevanhu kusvikira vaibuda mumutsara wekunamatirwa vasati vambouya kumusoro kuzonamatirwa, vomhanyira kuartari uye vogadzirisana naMwari vasati vauya muHupo hwaVo. Munoono, pane chimwe chinhu pamusoro pekuuya muHupo hwaMwari, chinoita kuti zvinhu zviitike. Ndakaona vanhu vakarara panhovo nemasitirecha.

¹² Husiku huya zasi uko kuMexico, apo mwana mudiki uya akafa akarara pasi pegumbeze, uyo akaunzwa namai vadiki vechiSpanish, kana kuti amai vadiki vekuMexico, waro, wavakaunza. Pavakaona, zviuru zvizhinji zvevanhu ivavo pavakaona, zvichida zviuru makumi mashanu kana makumi manomwe nemashanu zvakaungana pamusanganano mumwe chete, pavakaona kamwana kadiki kaya kakafa kachidzoka kuhupenyu, vakadzi vakafenda, vanhu vakakanda maoko avo mudenga vachidanidzira. Sei? Vakacherechedza kuti munhu wenyama haagona kuita izvozvo, kuti vaive muHupo hwaMwari Samasimba. Uye zvakaita kuti chimwe chinhu chiitike.

¹³ Ndakava nemukana wakanaka wokunzwa varume vane humwari vachitaura. Zvakanzi imwe nguva nezvaCharles Finney, muchinda mudiki-diki, asina kumborema zvinodarika mapauanzi angaita zana negumi, asi akanga aine imwe nzira yokutaura zvine simba kusvikira... Akanga achiedza mafambiro eruzha rimwe zuva muchivakwa. Vakanga vasina muchina unokwidza izwi panguva iyoyo. Zvino pakanga paine mumwe murume aigadzirisira, kumusoro mubharikoni, kana kuti kumusoro mudenga renzvimbo, zvino akanzwa murume achipinda, saka haana kuziva kuti ndivana ani, akangoramba akanyarara. Zvino VaFinney vaive vachizoedza mafambiro eruzha. Mushure mekugara nguva yakawanda mumunamato kuitira rumutsiriro irworwo rwavaizova narwo, vakaedza inzwi ravo kuti vaone kuti raizofamba sei. Vakavaredza nekuchimbidza ndokuenda papurupiti, ndokuti, “Tendeuka, kana kuti woparara!” Zvino vakazvita nerimwe simba—simba guru, mushure mekuve pasi pechizoro chaMwari, kusvikira murume adonha kubva pamusoro pebharikoni, achidzika kuenda pasi, kana, kubva pamusoro pechivakwa, achienda pasi.

¹⁴ Akaparidza Vhangeri nenzira yekuti akamira muBoston, Massachusetts, pane kahwinda kadiki kakabudikira pamadziro, nokuti kwakanga kusina chechi yaigona kukwana chaunga chake. Akamira ipapo nerimwe simba guru, ndokuparidza nzvimbo yegehena zvinotyisa, kusvikira varume vaishanda

vaine tswanda dzavo mumaoko avo, vakadonhera mumugwagwa ndokudanidzira vachichemera tsitsi. MuHupo hwaMwari! Vaparidzi vakuru vakakwanisa, neShoko raMwari, kuunza Hupo hwaMwari kuungano. Ngazvisave zvakadaro kuti vanhu vambova akaomarara kwazvo mumwoyo yavo kusvikira vanotadza kucherechedza Hupo hwaMwari. Ngazvisadaro!

¹⁵ Zvino munhu wekutanga, paakangotadza nekuita chinhu chakaipa, uye Mwari pavakauya muhupo hwake, kana kuti, paakauya muHupo hwaMwari, “Adhamu,” haana kugona kumira muHupo hwaMwari. Akamhanya ndokunozvivanza mugwenzi ndokuedza kuzvifukidza neshizha remuonde, nokuti aiziva kuti akanga akamira muHupo hwaJehovha, Musiki. Ndiko kwaive kuita kwemunhu wekutanga, mushure mokunge atadza uye aedza kuuya muHupo hwaMwari aine chivi pamweya wake. Haana kukwanisa kuvanda, nokuti akanga achiri munyoro. Chivi chakanga chisati chabata sekudzika midzi kwachaita mumwoyo yevanhu nhasi, asi ainyatsoziva kuti akanga akamira pamberi poMusiki wake. Zvino, akazvivanza mumakwenzi uye ndokusabuda, akasagona kubuda kusvikira Mwari vamuitira gadziriro yake.

¹⁶ Taigona kudzokera shure, totora muna Genesi chitsauko 17 nendima 3, apo tateguru mukuru, Abrahama, paakapinda muHupo hwaMwari, zvino Mwari vakataura naye (muchitsauko 17) muZita raMwari Samasimba, Abrahama akawira pasi nechiso chake. Tateguru mukuru iyeye, muranda waMwari, haana kugona kumira muHupo hwaMwari, kunyangwe akange aVashumira kwemakore makumi maviri nemashanu, zvakatendeka. Asi Mwari pavakapinda muhupo hwake, tateguru vakawira pasi nechiso chavo nokuti vakanga vasingagoni kumira muHupo hwaMwari.

¹⁷ Muna Eksodho 3, tinoona kuti Mosesi, muranda mukuru nemuporofita waMwari, paakanga ari uko seri kwerenje, murume iyeye akanga ari munhu mutsvene. Akanga akazvarirwa chinangwa ichocho. Akaberekwa kubva mudumbu ramai vake kuti ave muporofita. Akanga aedza kuwana dzidzo yake uye nokuita zvose zvaaigna kudzikinura vanhu vake, nokuti ainzwisisa kuti aifanira kudzikinura vanhu vake, asi, paakange azvinzwisisa nemaonero edzidzo yebhaibheri. Akanga akadzidziswa. Akanga akanyatsodzidza. Aigona kudzidzisa vaEgipita huchenjeri, avo vakanga vari vanhu vakachenjera zvikurusa pasi rose. Aiziva zvinhu zvese zvizere. Aiziva Rugwaro kubva kuna A kusvika kuna Z. Aiziva vimbiso dzakanga dzaitwa naMwari. Aidziziva kubva pamaonero enjere. Uye aive murume mu—mukuru wehondo. Asi rimwe zuva kuseri kwerenje, paakapinda muHupo hwaMwari, akabvisa shangu dzake ndokuwira—patsoka dzake, achiziva kuti akanga ari panzvimbo tsvene. Haana kukwanisa kumira netsoka dzake paakauya muHupo hwaMwari, akawira pasi nechiso chake

sezvakaita Abrahamama. Haana kukwanisa kumira muHupo hwaMwari.

¹⁸ Muna Eksodho 19:19, apo vanhu vakasarudzwa vaMwari kubvira kare-kare mumazuva aAbrahamama, kubva kuna Abrahamama kwakauya Isaka, Isaka kwakauya Jakobho, kubva muna Jakobho kwakauya madzitataguru, uye mushure memakore nemakore akabuditsa varume vatsvene, varume vakuru, vanhu vakasarudzwa, rudzi rwakasarudzwa, vanhu vakacheneswa, vatsvene, uye vakanga vashumira Mwari hupenyu hwavo. Zvino rimwe zuva Mwari vakati, “Unganidza Israeri kunze kuno, Ndiri kuzotaura kwavari.”

¹⁹ Asi Mwari pavakadzika pamusoro peGomo reSinai, uye gomo rose rikabatira moto, uye hutsi hwakanga huchipfungaira kubva pariri sevira remoto, zvino Inzwi raMwari rakatinhira, Israeri yakawira pasi nezviso zvavo ndokuti, “Regai Mosesi ataure, kwete Mwari, pada tingafa.” Munhu, muHupo hwaMwari, anocherechedza kuti mutadzi! Asi vakanga, vose, vakadzingiswa maererano neMurairo. Vakanga vakatakura mirairo nezvose, asi Mwari pavakataura uye vakakwira muHupo hwaVo, vakacherechedza kuti vakanga vari kunze, vakanga—vakanga vasina kururama, paiva nechimwe chinhu chakanga chisipo, nokuti vakanga vari muHupo hwaMwari. Hongu. Ivo ndokuti, “Regai Mosesi ataure, uye kwete Mwari, nokuti kana Mwari vakataura tinofa tose. Regai Mosesi ataure nesu.”

²⁰ Maive muna Ruka 5:8, kuti apo Petro. . .oo, paakanga ari murume mukuru akasindimara, uye murume ane runziro huru, simba guru ratinonzwisisa. Aiva akaita seuyo anodheerera vamwe, murauri wehove anozivikanwa. Asi paakaona chishamiso chaMwari chichitwa noMunhuwo zvake, aitaridzika sokudaro, uyo waakacherechedza panguva iyoyo kuti zvaitatora anopfua munhu kukanda hove dzose idzodzo mumambure apo iye, nedzidzo yake yose, ruzivo rwake rwekuredza, akange aredza husiku hwese uye asina kana chaakawana. Asi akanzwa mumwe Munhu achiti, “Kandira mambure ako mukati.”

²¹ Zvino paakatanga kudhonza, aive nehove zhinji kwazvo, zvino akacherechedza kuti aive munhu mutadzi. Uye akati, “Ibvai kwandiri, Oo Ishe, nokuti ndiri munhu mutadzi.” Ndiani akadaro? Mutsvene Petro, muHupo hwaMwari, akakumbira Mwari kuti vabve muhupo hwake, nokuti akazvicherechedza kuve mutadzi.

²² Abrahamama akazvicherechedza kuti “akakanganisa.” Adhamu akazvicherechedza kuti “akakanganisa,” uyo aiva mwanakomana waMwari, akazvicherechedza kuti “akakanganisa.” Mosesi akazvicherechedza kuti “akakanganisa.” Israeri, sechechi nerudzi, yakazvicherechedza kuti “yakakanganisa.” “Ibvai kwandiri, nokuti ndiri munhu mutadzi.” Haana kuedza kuti, “Zvino, ndiri mutsvene uye

ndakakodzera kugamuchira izvi.” Akati, “ndiri munhu mutadzi.”

²³ Imwe nguva mumwe aizviita wechitendero, nedzidziso yese yebhaibheri yaaigona kudzidza pasi pemudzidzisi mukuru ainzi Gamarieri, zita rake ainzi Sauro weTarso, uyo watinoziva saPauro, munamati akaperera. Aiziva zvose nemo-nemo nezvechitendero chavo. Akanga ari muFarisei wevaFarisei, uye muHebheru wevaHebheru. Aive murume anozivikanwa, mudzidzi, akachenjera, akatesva, akadzidza, aizviti aiziva Mwari kubva pahucheche zvichienda mberi. Asi rimwe zuva ari munzira yake achienda kuDhamasiko, Shongwe yeMoto iya yakapenya pamusoro pake zvino akawira pane dzake. . . kubva patsoka dzake, achienda pasi, muguruva, ndokuti, “Ishe, chii chaMungada kuti ndiite?” Kudzidziswa kwake kukuru kwese, kudzidziswa kwake kukuru kwebhaibheri, dzidzo yake yese haina zvayakareva paakamira muHupo hwaMwari.

²⁴ Ndinoda kumbomira pano zvishoma ndoti ndizvo zvimwe chete. Unogona kunge une D.D., Ph.D., chero zvaungave, unogona kunge wakaenda kucheche kubva uchiri mudiki, unogona kunge wakaita zviito zvese zvechinamato zviripo, asi kana wangova muHupo hwaMwari unozonzwa kuva mudiki kwazvo uye usiri chinhu.

²⁵ Pauro akacherechedza kuti akanga akanganisa, zvino akawira pasi, ari pasi perunziro neSimba. Paakatarisa mudenga ndokuona Mwari wacho waakanga achiparidza, uye. . . achipikisa, uye achifunga kuti aiziva, ndokuona kuti akanga achikanganisa, akawa achibva patsoka dzake, achienda pasi, nokuti akanga ari muHupo hwaMwari. Akaona Shongwe yeMoto iya.

²⁶ Ko Mutsvene Johane mukuru waZvakazarurwa 1:7, paakaraidzwa chiratidzo, akatarisa, akanzwa Inzwi richitaura kwaari? Zvino akacheuka achitarisa kuti aone Inzwi, ndokuona zvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama. Zvino paiva neMumwe aive akamira pakati pezvigadziko zvemwenje zvinomwe zvendarama, aine vhudzi rakaita semakushu, meso akaita semirazvo yemoto, tsoka dzakaita sembira dzendarira, Akanga akasunga bhanhire rendarama nepachipfuva chake, uye Ainzi Shoko raMwari. Zvino Mutsvene Johane mukuru akanga ambofamba naKristu, akazendamira pachipfuva chaKe, apo akanga aita zvinhu zvose izvi! Sekutaura kwandaita mangwanani ano, shumiro yaPauro yakadarikira chero yeimwe dzose zvayo. Pano, mushure mokunge Johane akambofamba naJesusu, akataura naYe, akavata naYe, akadya naYe, asi paakaMuona akamira ipapo, chinhano ichocho chakabwinyiswa, akati akawira patsoka dzaKe somunhu akafa. Ameni. Pafungei!

27 Tinogona kuuya kuchechei totaura nekurumbidza Mwari, nezvimwe zvakadaro, asi, oo, hama, kana tikaMuona achiuya, chimwe chinhu chinenge chasiyana mumwoyo yedu! Tinogona kufunga kuti tinoita mungava wedu wekunata nekuenda kuchechei uye nokubvisa chegumi chedu. Tinogona kufunga kuti tinochengeta mirairo yechechei nekudzokorora zvitendwa zvese, asi kamwe ngatimboMutarisai, zvinhu zvose zvinoshanduka pana zvose. Hongu, ichokwadi.

28 Murume mukuru uyu, Mutsvene Johane, murume mukuru akadaro, Bhaibheri rakataura muna Zvakazarurwa 1:7, kuti “akawira pasi sokunge aive munhu akafa.” Mushure memakore matatu nehafu ekuyanana naKristu, ari mumwe wevanyori veTsamba, dzakanyorwa shure kwaKe, achidya naYe patafura, akavata naYe pamubhedha, uye akayanana naYe kwose kwaAienda, asi paakatendeuka kuti aMuone, akange asisinazve hupenyu maari. Akawira pasi pauriri semunhu akafa, kana kuti paivhu. Zvakwana.

29 Tinoona Isaya, muna Isaya 6:5, sezvatichangobva kuverenga, muprofiti mukuru uyu ane simba, ndiye mumwe wevaporofita vakurusa vari muBhaibheri. Kune Mabhuku makumi matanhatu nematanhatu emuBhaibheri; kune zvitsauko makumi matanhatu nezvitanhatu muna Isaya. Isaya anotangira muna Genesi, pakati paIsaya anounza Testamende Itsva, kumagumo kwaIsaya anounza Mireniyamu; chaizvoizvo Genesi, Testamende Itsva, neZvakazarurwa. Zvakakwana! Isaya aive mumwe wevaporofita vakuru. Asi rimwe zuva akanga achizembera paruoko rwaUziya mambo mukuru, Uziya akanga atorwa kubva kwaari, zvino akanga akaderera. Aive munhu akanaka kwazvo, aive murume akanaka akarurama, kana mambo iyeye akarurama (mambo akanaka) akamucheredza somunhu mutsvene uye akamuchengeta mutemberi yake.

30 Isaya akaona zviratidzo. Akanga ari muporofita. Isaya akaparidza Shoko. Akanga ari mushumiri. Isaya akanga ari munhu mutsvene. Asi rimwe zuva, akamira mutemberi, akapinda muchiratidzo ndokuona Kubwinya kwaMwari. Akaona Ngirozi dzine mapapiro pazviso zvaDzo, mapapiro pamusoro petsoka dzaDzo, dzichibhururuka nemapapiro, dzichidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene ndiShe Mwari Samasimba!”

31 Muporofita iyeye akacheredza kuti akanga asiri chinhu. Akati, “Ndine nhamo, nekuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina.” Muporofita, muporofita mukurusa muBhaibheri, mumwe wavo. “Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye ndinogara pakati pevanhu vane miromo ine tsvina. Ndine nhamo, nokuti ndinoona Kubwinya kwaMwari.”

32 Zvino akati, Mutumwa iyeye paakadanidzira, “mbiru dzemutemberi dzakazunguzika-zunguzika.”

Hama, zvinokuita...Handi mbiru dzemutemberi dzoga dzichazunguzika, asi matenga ose nenyika zvichazunguzika paAchauya zvakare. Makomo achatiza, uye gungwa richapera, uye vodanidzira, “Tivigei kubva pachiso chaiYe agere paChigaro chohushe.” Ichava nguva inotyisa. Ndinokuudza, shamwari mutadzi, zviri nani uzviongorore. Ndizvozvo chaizvo.

³³ Zvino, Isaya akati, “Ndine nhamo, ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye ndinogara pakati pavanhu vasina kuchena. Uye ndiri, vanhu ava vane miromo ine tsvina.”

³⁴ Zvino rangarirai, kana varume vatsvene vakadai vakazvicherechedza kuva “vatadzi” muHupo hwaMwari, ko mutadzi neavo vasina humwari vachaiti neZuva iroro? Vanhu vachaiti vanogara mumisangano? Vanhu vachaiti avo vakaona Simba raMwari, vakanzwa kuverenga nenhendashure paShoko, vakaona Mwari vachiZviratidza, uye (zvinopfuurira kukahadzika kose) Gwaro rose rakazadzikiswa, uye vachiramba vachiedza kuenda Kudenga vasina kuzvarwa patsva nokugamuchira Mweya Mutsvene? Bhaibheri rakati, “Kana munhu wakarurama zvichitorema kuti aponeswe, ko mutadzi nevasina humwari vachaonekwepi?” Inzvimbo yakaita sei yatichamira mairi kana tichiona Mwari vachiZvibhedhenura pamberi pedu chaipo, nekuona Kubwinya kwaMwari zvimwe chetezvo zvakangaita varume ivavo, uye mhando iyoyo yevarume vakadanidzira, vaporofita nevakuru vakare avo Shoko rakavakirwa pavari? Kana vakachema, uye vakawira pasi netsoka dzavo, vakadanidzira, “Ndiri munhu ane miromo isiri mitsvene, hutsvina,” zvino zvichazoveiko kumunhu uyo asingatomboreururi zvivi zvake? Zvichazoveiko kune uya abva zera asingareururi zvivi zvake? Zvichazoveiko kumunhu ane mwoyo wakaomarara uyo anofunga kuti anoziva zvakawanda pamusoro pezvisikwa zvaMwari kupfuura zvinoita Mwari pachaVo? Chii chichaitika kumunhu iyeye akapedza hupenyu hwake hwose achiedza kushaisa maturo Bhaibheri? Ko muchinda iyeye achaonekwa aripi? Zvifungei!

³⁵ Uku ndiko kuvhangera. Ino ndiyo nguva yekuzunguza vanhu. Ino ndiyo nguva iyo Mwari vakati kwaizouya nguva, Vakazunguza Gomo reSinai imwe nguva asi kwaizouya kuzunguzwa zvakare, kuti iVo “havaizozunguza Gomo reSinai chete, asi Vaizozunguza chose chaigona kuzungunutswa.” Asi macherechedza here mamwe eMagwaro ose? “Asi tinogamuchira Humambo husingazungunutswi!” Hareruya! Chinhu chose chinogona kuzunguzwa chichazunguzwa. Matenga achazunguzwa. Nyika ichazunguzika. “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko iroro haringatopfuuri. Nokuti padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkunde.” Chinhu chose chinogona kuzunguzwa chichazunguzwa. Asi tinogamuchira Humambo hunova Shoko raMwari pachaVo, uye Mwari iShoko raVo. Havazvizinguzi.

Ameni! Oo, ini zvangu! “Asi isu tinogamuchira Humambo husingagoni kuzungunutswa,” haugoni kuzunguzwa, akadaro Pauro munyori wechiHebheru.

³⁶ Munhu akadaro uye murume akadaro, nguva yakadaro uye kuti vakanzwa sei! Tinewo nesuwo, pachedu, takaona Kubwinya kwaMwari sezvakaita varume ava. Chokwadi. TakaKuona. Takaona Kubwinya kwaMwari saAbrahama akaKuona. Takaona Kubwinya kwaMwari saMosesi akaKuona, Shongwe yeMoto imwe cheteyo, Simba rimwe chete raMwari, Kristu mumwe chete. . . achizvizarura pachaKe, achiZviratidza, achichengeta Shoko raKe muzuva rokupedzisira. Tingauya sei zvino, uye tofamba nekuRibata zvakareruka? Tingafamba sei uye tobatirira kuzvitendwa zvedu nemasangano, uye torenga kutora Shoko raMwari? Zvichazovei kwatiri neZuva iroro? Zvichaitika sei kwatiri, kana isu tikaona Kubwinya kwaMwari?

³⁷ Vamwe vanhu vanomira uye vanoita dambe naRo, vamwe vanoRiseka, vamwe vanoRidaidza kuti kupengereka, vamwe vanoRiti kuverenga pfungwa, vamwe vanoRidaidza kuti Bherizebhabhu, vamwe vanoRidaidza chimwe chinhu kana chimwewo. Sezviru tsumo dzekare, “Mapenzi achafamba neshangu dzine zvipikiri apo Ngirozi dzinotya kutsika.” Ndizvozvo chaizvo. “Benzi rakati mumoyo maro, ‘Hakuna Mwari.’” Paanoona Mwari vachiratidzwa zvakanwana kwazvo neShoko raVo Vomene (kwete nechitendwa; asi neShoko raVo), uyezve ofamba napamusoro paRo nekuita jee naRo, iyeye ibenzi. Nokuti, ndizvo, Mwari iShoko, uye Mwari vakaZviratidza zviri pachena kwaari, zvino iyeye “ibenzi,” Bhaibheri rakadaro. Zvichazovei kwaari kana achifanira kumira munzvimbo iyoyo? Zvichava—zvichava zvichityisa kwazvo kumunhu iyeye neZuva iroro, uyo asina humwari.

³⁸ Vatadzi vakatendeuka, kunyange zvakadaro, havatomborina kutya. Oo, kwete. Mutadzi anotendeuka, anoziva kuti pane Chibairo chine ropa chakamirira, kumira panzvimbo yake. Ndizvo zvinondipa kunyaradzwa. Ndakaona kubwinya kwaMwari. Ndakanzwa simba raVo. Ndinoziva kubata kweruoko rwaVo. Ndinoziva kubata kwekuranga kwaVo. Ndinoziva kuti ndiMwari. Uye ndinoziva kuti ndakaparara, asi pane Mumwe akandimirira ipapo. Ameni. Kune Mumwe Anomira ipapo oti, “Baba, isai kusarurama kwake kwose paNdiri, nokuti akaNdimirira pasi panyika.” Hareruya! Zvino ndinofamba ndichienda kuChigaro chehushe chaMwari, ndakashinga, ndiine nyasha mumwoyo mangu, kuziva kuti hazvisi zvemabasa akanaka, asi netsitsi dzaVo ndakaponeswa. Kwete zvandaigona kuita, zvandaigona kujoinha, zvandaigona kutaure; asi nyenya dzaVo Vakandiponesa.

³⁹ Ndosaka nyanduri akazvibata izvozvo, akadanidzira, “Nyasha dzinoshamisa, ruzha runotapira sei, dzakaponesa

munhu anonzwise urombo akaita seni. Ndakanga ndakarasika, asi zvino ndawanikwa; ndiri bofu, asi zvino ndoona.”

⁴⁰ Ko ndingazoenda sei Kudenga? Ko ungoenda sei Kudenga? Hatikwanise kuzviita, isu, uye hapana nzira yekuti isu tizviite. Asi pane Mumwe akagadzira nzira. Uye ndiYe Nzira. Zvino tinosvika sei kwaAri? NeMweya mumwe chete, Mweya waKe, tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uyo uchasimudzwa senzira. Tichabuda panyika sevafambi vechitundumuseremusere vezuva rino rekupedzisira mukutenda kwaMwari. Ameni. Chokwadi. Vatadzi vakatendeuka havafanirwe kunetseka, Mumwe munhu aripo panzvimbo yavo.

⁴¹ Oo, zvino mushure mekunge tauya muHupo hwaKe zvino, uye tichiziva kuti tanga tiri muHupo hwaKe, takaMuona achiita zvinhu zvaAkaita paAiva pano panyika. Ko unoziva sei. . . Ko unoziva sei muzambiringa wawakatarisa? Nokuda kwemuchero waunobereka. Ko unoziva sei chechi yauri kuenda kwairi? Nokuda kwemuchero wainobereka. Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

⁴² Zvino, tinoona haAna kumbotigadza kuti tiende kunogadzira masangano. Haana kumbotigadza kuti tiende kundogadzira zvitendwa. Asi Akatotiyambira pamusoro pazvo. “Nokuti ani naani anobvisa paRiri kana kuwedzera chimwe kwaRiri, mumwe chete achabvisirwa, chikamu chake, muBhuku reHupenyu.” Maona?

⁴³ Saka, hatina kugadzwa kuita chimwe chinhu kunze kwekugara neShoko iroro. Uye kana munhu akatumwa naMwari, anogara neShoko, nokuti Mwari vanogona kutumira neShoko raVo chete. Maona? Munoono, Vanofanira kugara neShoko raVo. Zvino kana tauya muHupo hwaVo, kana munhu angouya muHupo hwaMwari, anoshanduka zvachose, kana paine chero shanduko kwaari. Zvino, kune avo vanokwanisa kufamba muHupo hwaMwari uye vasingaHucherechedzi. Ainge asina kutemerwa kuHupenyu. Asi kana aive akafanotemerwa naMwari, panongotanga kufamba uku, anozviziva. Zvinobatira moto.

⁴⁴ Tarirai chipfeve chidiki chiya zasi uko zuva riya kuSamaria, mudzimai uya. Akanga ari muchinhano chakaipa mupfungwa nepanyama. Tinozviziva izvozvo. Asi paakangoona chiratidzo chiya chaitwa, chaMhesiya, akati, “Tinoziva kuti Mhesiya ari kuuya kuzoita izvi. Munofanira kuva muri muporofita waKe.”

Akati, “Ndini Mhesiya uya akanyorwa kuti aizouya.”

⁴⁵ Akazvicherechedza. Haana kuzombobvunza mumwezve mubvunzo. Akatanga nekukasika chaiko nemungava webasa, kuziva kuti kana akazviwana izvozvo uye akauya muHupo hwaMwari, aiva nemungava webasa wekuudza mumwe munhu nezvazvo. Hareruya! Ndizvozvo. Chero munhu upi anouya

muHupo hwaMwari ane mungava pamberi paMwari, kubva paminiti iyoyo zvichienda mberi, kuudza mumwewo munhu. Tarisai Abrahamama, tarisai Mosesi, tarisai Petro, tarisai Pauro. Panguva yavakauya muHupo hwaMwari, vakazvicherechedza kuva “vatadzi,” uye vakasimbisa huchapupu hwavo nehupenyu hwavo. Tarisai mukadzi mudiki uya, akange asisagone kuramba akagara, akaenda muguta ndokunoudza varume, “Huyai, muone Murume andiudza zvinhu zvandakaita. Ko haazi iye Mhesiya here?” Havana kukwanisa kuZviramba, nokuti Zvaibva muMagwaro. Zvirokwazvo. Hongu, vanofanirwa kuzviita, munhu, patakawana mungava wekuudza vamwe sezvakaita Mosesi, sezvakaita Petro, sezvakaita Pauro. Mushure mezvinhu izvi, wakaZviona uye ukauya muHupo hwaVo, une mungava wekuti Mharidzo isvike kune mumwe munhu. Haungokwanisi kugara wakanyarara naYo. Unofanira kuIendesa kune mumwe munhu.

⁴⁶ Ndinorangarira imwe hanzvadzi yechikuru yaimbova pano, amai vaHama Graham Snelling, vaisigara pano chaipo muchechi, uye vaiimba, “Ndichangoyambukira mhiri! Ndiri kumhanya, kumhanya, kumhanya, uye ndichangoyambukira mhiri uye handigone kugara pasi.” Vakanga vachangobva kuwana chimwe chinhu. Ndakaenda kucheche duku yevatema neche kuno muLouisville, zvino vose vakanga vakamira, vachiimba, “Ndiri kumhanya ndichikwidza neMugwagwa mukuru waMambo, ndichangoUwana, zvino ndokwidza neMugwagwa mukuru!”

⁴⁷ Pane chimwe chinhu pazviri, kana wawana Kristu, hauchakwanisi kunyarara zvachose. Mazuva ako ose uri munhu akashanduka, nokuti kana hupenyu neHupenyu zvauya pamwe chete, zvinogadzira Chiedza chakajeka. Chokwadi. Kana girobhu rabatana newaya, kana riri girobhu chairu, rinofanira kupa chiedza; kana magetsi negirobhu zvasangana, hapana chekuita kunze kwekuparadzira chiyedza. Rinofanira kuzviita. Uye kana murume kana mudzimai akatemerwa kuHupenyu Husingaperi, uye voona magetsi aMwari achibata girobhu iroro, richakandira Chiedza kwese kwarinokwanisa. Unogona kusadarika mawatsi gumi, asi onoparadzira chero Chiedza chaunacho. Kana usiri remawatsi mazana mashanu, paradzira Chiedza chemawatsi gumi. Ipa Chiedza chako! “Chiedza chako ngachivhenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa ako akanaka uye vakudze Baba vari Kudenga.” Hongu, changamire.

⁴⁸ Kana munhu akasangana naMwari, anozviona pachake “seasina kunaka.” Ko munhu angafamba sei uye achizvirumbidza pamusoro pehukuru hwake uye nezvose zvaakaita, iye asiri chinhu? Haasi chinhu pakutanga kwacho. Rimwe zuva zasi kuMemphis, Tennessee, kana kumwe... Handifungi kuti kwaive kuMemphis. Yakanga iri imwe yenzvimbo dzeikoko. Ndaive naHama Davis uye ndaiva neru—

rumutsiriro. Kunogona kunge kwaive kuMemphis. Zvino takanga, takaenda kunhandare yemitambo, uye imomo vakanga vaine, kwete nhandare yemitambo, yakanga iri nzvimbo yekuratidza zvigadzirwa, uye vakanga vane zvimupunzo zvi—zvikuru zvavakanga vawana kubva kumativi akasiyana-siyana enyika, zvakasiyana, Hercules nezvimwe zvakadaro, uye nezvaive zvakapendwa nenyanzvi huru dzekupenda. Zvino ipapo vakanga vaine ongororo yemunhu airema mapaundi zana nemakumi mashanu. Munoziva chii, kuti akakosha zvakadini? Masendi makumi masere nemana. Ndizvo zvoga zvaari. Masendi makumi masere nemana ndiyo yese—yese mishonga yaunogona kuwana maari. Anongova nedota rakakwana rekumwaya mudendere rehuku, uye ane yakakwana, ingori calcium shomashoma, potashi shoma. Zvaizotengeswa zvese nemasendi makumi masere nemana. Asi isu tinongoriritira masendi makumi masere nemana iwayo uye nekuabata sekacheche.

⁴⁹ Paiva nevakomana vaviri vaive vakamira ipapo, zvino mumwe akatarisa mumwe, akati, “Jim, hatina kukosha zvakananyanya handizvo here?”

Akati, “Kwete, hatina, John.”

⁵⁰ Ndakati, “Asi imbomirai zvisihoma, vakomana, mune mweya imomo unokosha kupfuura nyika zviuru gumi, dzakambovapo, unogona kudzikinurwa nesimba raMwari, kana mukangourega.”

⁵¹ Munhu, paanoona zvinhu izvi, ane mungava wekuudza vamwe. Ndakazviona pandainge ndichingori mukomana. Ndakapedza hupenyu hwese ndiri pazviri. Ndine hurombo bedzi kuti ndinongori nehupenyu humwe chete, ndinoshuva kuti dai ndaiva nezviuru gumi. Kana dai ndaiva neZiyendanakuenda, ndaizoramba ndichida kuudza vanhu nezvazvo, nokuti ndicho chinhu chikurusa chandati ndambowana. Kana ukaverenga muna Ezekieri 33, chitsauko 33 chaEzekieri, paiva nenharirire yakanga yakagara panharire, zvino nharirire iyi yaive nemungava kuguta rose. Amen. Zvino, mukai, zvimutsei kuhana yenyu yemweya kwechinguvana, ndichisvika kuGwaro iri. Nharirire iyoyi yaifanira kunge iri murume akadzidziswa. Aifanira kuziva zvaaita, nekuti chero chinhabwe, paaingobva kusimuka, muvengi, aibva azviona. Aikwanisa kuziva maforero avo, aikwanisa kuziva ruvara rwavo, aikwanisa kuziva zviri hondo yemuvengi. Kure sekwaigona kuonekwa nemaziso emunhu, aigona kuzviona. Uye akanga akakwirira kupfuura vamwe vose, nokuti akanga akadzidziswa kuziva muvengi. Uye Mwari vaibvunzira guta rose paruoko rwake. “Nharirire, inguvaiko yehusiku?” Hareruya!

⁵² Ndizvo zvakaite mauto aMwari nhasi. Akadzidziswa kuShoko. Kana chimwe chinhu chikashimuka chine kakukwenenzverwa pachiri, chine chimwewo chinhu chisiri

Rugwaro, vanoyambira ungoro yavo. Chero chipi chisiri Bhaibheri, chero chisina—chisina kufanana naMwari, zvakanana nekuva nesvuvuro dzemuto, madhanzi, nezvimwe zvoze, kuti vabhadhare vafundisi. Zvinhu izvozvo zvakaipa. Mitambo yemadhaiza nemapati emakasa mumachechi, zvakaipa! Uye nharirire yechokwadi parusvingo, iyo yakambenge iri muHupo hwaMwari...Kana isiri parusvingo, kana ichingofanira kunge iri parusvingo, rusvingo rwacho rwunogona kusava rwusina kukwirira kupfuura imwe ungoro yose. Asi kana ari nharirire chaiyo, Mwari vanomusimudzira kumusoro chaiko munharaunda dzisingambofi dzakasvikwa nevamwe vose. Asi anorindira boka, uye Mwari vanozomubvunza nezvaro! Munhu waMwari anomira muHupo hwaMwari, uye achiziva kuti Mwari ndiMwari, uye achiziva kuti Mwari vanochengeta Shoko raVo, uye otarisa Mwari vachizviita pachaVo nekuita basa raVo nekuchengeta Shoko raVo, zvino zvisinei kuti masangano mangani kana masangano anoedza kuZviwisira pasi, anoziva zviri hondo yemuvengi. Amen. Anoziva zvokudza ungoro, nharirire chaiyo.

⁵³ Kana takapupura kuti Variko, takava muHupo hwaVo, uye takareurura zvivi zvedu, zvakanzimwa mubhuku rendangariro yaVo. Hakuna mumwe kunze kwaMwari anogona kuita izvozvo. Zvino, unogona kuita chero chinhu kwandiri, ndinokuregerera, asi ndinochirangarira. Kana ndikaita chero chinhu kwauri, waizondiregerera, asi unochirangarira. Asi Mwari vanogona kuregerera uye vozvikanganwa. Zvifungei izvozvo, “kana kutombozviringarira!” Amen. Zvinondiita kuti ndinzwe zvakana. Kana zvisisazorangarirwi zvachose, hapana chinogona kuzviita kunze kwaMwari. Hapana kunze kwaMwari vanogona kuzviita izvozvo. Vakati Vaizozvidzima kubva mubhuku raVo rendangariro. Handikwanise kuzviita, haukwanise kuzviita, nekuti tinogova nepfungwa diki idzi dzinogumirwa. Asi haVana magumo, Mwari, Vanogona kukanganwa zvachose kuti zvakanboitwa. Amen.

⁵⁴ Mumwe musikana wechidiki aibva kucheche yekumaruwa, zvino baba vake vakanga vari muparidzi wechinyakare, anoshevedzera, kana kuti nhengo yecheche. Zvino saka akatamira muguta, zvino akanosangana nevakanzi vaive zasi ikoko, ndokutanga kuita sezvavaiita, nemafashoni. Zvino rimwe zuva akaita sekunyara kuti baba naamai vake vauye, kana kuti baba vake, waro, amai vake vakanga vakafa. Saka mutana uyu, chinhu choga chaaiita, aimuka mangwanani, odyo kudyo kwake kwemangwanani otera Bhaibheri oRiverenga, zvino ochema nokunamata nokudanidzira zuva rose, nekumhanya achikwira nokudzika mukamuri, zvino mudzimai akaita kakunyara nazvo. Saka zvino—zvino apo nguva yose husiku hwose, kana vakabata Bhaibheri, vakatanga kuRiverenga, vaisimuka kubva pamubhedha, vodanidzira, “Mwari ngavarumbidzwe!

Hareruya! Oo, Mwari ngavarumbidzwe!” Vachingogiya nekuchema hafu yeusiku.

⁵⁵ Saka rimwe zuva mudzimai aizotandadza nhengo dzekuchechi kwake nepati diki yetii seyavaingogara vachiita, munoziva, saka aisaziva kuti achaita sei nababa vake. Asi hazvo, vaive baba vake. Saka akafunga kuti aizovaisa mukamuri iri mudenga remba, zvino oti, “Baba, hamudi kuva panenge paine vakadzi ava, handiti?”

Vakati, “Kwete, handitendi kuti ndinoda kudaro.”

⁵⁶ Akati, “Zvakanaka, tichava nemadzimai ekuchechi kumusoro kuno nhasi, uye tichava nemusangano mudiki, musangano mudiki wemunamato. Saka ndi—ndinokuudzai, baba, ko madii henyu mangokwira kumusoro mukamuri iri mudenga remba?”

Vakati, “Ndinongotenda kuti ndichaita izvozvo.”

⁵⁷ Saka akati, “Verengai bhuku rakanaka iri.” Zvino akavapa bhuku rejogirafi. Akavatorera Bhaibheri ravo kuti vanyarare. Saka aiziva kuti kana vakaverenga Bhaibheri, nhai vedu, vaizotanga kuita ruzha rwakawanda kumusoro ikoko. Saka vari pamusoro pavo chaipo, munoziva, pavakanga vachiitira pati yavo. Saka akavapa jogirafi, akati, “Iri rakanaka. Munofanira kuriverenga, baba, nokuti rinokuudzai chokwadi chose pamusoro penyika.”

“Oo,” vakati, “ndichafara kuriverenga.”

⁵⁸ Saka vakati, “Zvino endai kumusoro uko uye monyarara chaizvo kusvika vakadzi ava vaenda, uye zvakare ndicha... mozodzoka pasi uyezve munogona kuzoita chero chamunoda.” Vakabvuma kuzviita. Saka vakakwira muimba yepamusoro, ndokugara kumusoro ikoko.

⁵⁹ Zvino vese vaive nepati yavo yetii, munoziva, vachitaura pamusoro *panhingi-nhingi*, uye munoziva mafambiro azvinoita, vachiva nenguva huru iyoyo. Zvino panguva iyoyo chimwe chinhu chakatupfunuka mudenga, kuzhambatata kwese nekusvetuka, uye madziro achikwatanukira pasi. Mutana achimhanya achikwira nekudzika nekamuri iri mudenga remba nesimba rake rose, achisvetuka-svetuka, uye achidanidzira, “Mwari ngavarumbidzwe! Mwari ngavarumbidzwe!” Madzimai havana kuziva zvakaitika kumusoro ikoko, zvavaive nazvo muimba yekumusoro. Saka havo vakabva vauya vachidzika nemasitepisi, zvakaomarara sokukwanisa kwavo kwese.

Akati, “Baba, ndakupai jogirafi kuti muverenge.”

⁶⁰ Vakati, “Hongu, ndinozviziva. Unoziva,” vakati, “ndanga ndichiverenga mujogirafi iri pano apo pane nzvimbo mugungwa dzisina hwaro mariri.” Ndokuti, “Ndakaverenga neche apa muBhaibheri nezuro, Akati Akaisa zvivi zvangu ‘mugungwa rekanganwiro.’ Mwari ngavarumbidzwe!...?...”

Vakati, “Zvichiri kuenda. Hazvina magumo, zvinongoramba zvichienda.” Ndizvozvo. Uye vakanga vachidanidzira pamusoro pazvo. Saka, ndizvozvo.

⁶¹ Mwari vanoisa zvivi zvedu mugungwa rekanganwiro, vanozvidzima, uye zvinoita sekunge zvisina kumboitika. Oo, ini zvangu! Zvino tinomira nyenasha dzaMwari, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu, takachena uye tiri vatsvene, tingori vatsvene sezvaAiva, nokuti haVandioni pandinouya kumusoro ikoko, Vanoona Mwanakomana waVo Vomene. Nzira chete yaVanogona kuona...vasingagoni kundiona, nokuti ndiri muMwanakomana waVo. Uye vanoona Mwanakomana waVo chete. Hazvina kunakisa here? Hatichafaniri kufunga nezvezvivi zvakare, zvose zvakaenda, zviri pasi peRopa. Hongu, changamire. Hauchafaniri kunetseka nezvazvo zvakare, zvese zvakabuda, uye kubuda mundangariro dzaMwari. Havatombozvirangariri zvachose.

⁶² Isaya, muporofita uya mukuru, paakareurura zvivi zvake, akati, “Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu ane miromo ine tsvina.” Muporofita! “Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye unganu yangu haina kuchena.” Maona? “Vanhu vandinoparidzira kwavari, havana kuchena. Handina kuchena. Uye ndine nhamo. Asi hepanoi pachiuya boka reNgirozi richidzika kubva muKubwinya kwaMwari, dzichipumhira ma—makore kumashure, zvino ndinotarisa kumusoro uko ndichiona mipendero yenguwo dzaVo ichizadza Denga rose. Uye ndinotarisa Ngirozi idzi dzisina kumboziva kuti chivi chaivei. Hadzina kana kutomboziva kuti chivi chaivei, uye ipapo, muHupo hwaMwari, dzaive nemapapiro maviri pazviso zvadzo, dzine mapapiro maviri pamusoro petsoka dzadzo, uye dziri kubhururuka nemapapiro maviri, uye dzinodanidzira masikati nousiku kuti, ‘Mutsvene, mutsvene, mutsvene ndiIshe Mwari.’” Whew. Izvozvo zvinokuita kuti unzwe seusiri mutsvene, handizvo here? Zvino, akaitei? Akati, “Ndine nhamo.”

⁶³ Uye paakareurura zvivi zvake akati “ndine nhamo,” Ngirozi yakaenda ndokunotora mbato, ikatora zimbe remoto raimiririra Mweya Mutsvene neMoto, ndokuuya ndokuriisa pamiromo yemuporofita, ndokuti, “Ndakuchenesa.” Zvino mapapiro achikura nzira yawo saizvozvo, akabvisa zvidzitiro zvenguva, zvino akanzwa Mwari vachiti, “Ndiani achaTiendera?”

⁶⁴ Asi mushure mekunge aona kuti pakanga paine nzira yekubvisa nayo chivi, Mwari vakada kuti mumwe munhu aVaendere, zvino akati, “Ndiri pano, nditumei.” Akambenge ari muHupo hwaMwari, uye akanga areurura zvivi zvake, uye akacheneswa kubva pazvivi zvake, zvino akanga agadzirira kuita basa. Amen.

⁶⁵ Sanyanduri akazvibata, akati:

Mamiriyoni zvino ari muchivi nomunyadzi ari
 kufa,
 Teerera pakuchema kwavo kune kusuwa
 nekurwadziwa;
 Kurumidza, hama, kurumidza kunovanunura;
 Kurumidza kupindura, “Tenzi, ndiri pano.”

⁶⁶ Pandinofunga nezveAfrica, India, uye nepasi rose, mamiriyoni evahedheni achidanidzira nokuchemera tsitsi, zvino ndiani achaenda? Kwete kuvapa matirakiti, asi kuvaunzira Jesu Kristu. Mumwe munhu ari muHupo hwaVo, saMosesi, aikwanisa kuenda zasi ikoko ovaratidza rudzikinuro rwechokwadi. Kwete kuvaita kuti vajoinhe chechi, kana kukwazisana maoko nekuva nechitendwa, asi kuunza rudzikinuro kumweya yavo; mumwe murume akanaka ane humwari. Hongu, Isaya akareurura zvivi zvake uye akacheneswa.

⁶⁷ Mushure mokunge Jakobho aita mutsimba husiku hwose, mukureurura zvivi zvake, munorangarira nzvimbo yaakanga ari? Yainzi Penieri, P-e-n-i-t-e-r-i, Penieri. Shoko rokuti *Penieri*, muchiHebheru, rinoreva “chiso chaMwari Samasimba.” Jakobho, mubiridziri mudiki akanga amhanya hwese...zita rake rainzi *Jakobho*, zvinoreva kuti “tsotsi,” ndiye munyengeri, akange atiza hupenyu hwake hwose, kubva kuna Mwari, asi paakapinda imwe nguva muHupo hwaMwari paPenieri, pamberi pechiso chaMwari, akabata Mwari ndokusaVarega. Mwari, tinoda vamwe vanaJakobho. Akabatirira pachiso chaMwari, muHupo hwaMwari, akagara kusvikira ava mambakwedza. Mwari vakati, “Ndirege ndiende, nekuti zuva rava kubuda.” Zvino akagara pamberi pechiso chaMwari kusvikira mambakwedza, asi akaenda akaruramiswa uye aponeswa. Huh.

⁶⁸ Oo, chaiva chinhu chikuru sei, zvino, kuziva kuti akanga aita mutsimba. Ndizvo, akanga aona zviratidzo zvaMwari, akanga aita zviroti pamusoro paMwari, asi iyi yakanga iri imwe nguva yaakanga ari pamberi pechiso chaMwari, muHupo hwaMwari. Zvifungei, shamwari. Zvino, tichikumidza. MuHupo hwaMwari, munhu anoshandurwa. Jakobho akashandurwa. Zvino akanga ava kugona kufamba naMwari. Hongu, akanga ave munhu akasiyana nezvaakanga ari paakaenda kumusoro ikoko. Hondo yakanga zvino yapera. Hongu, changamire. Zvino akatanga kuvaka artari. Akanga asina kujaira kugadzira maartari, munoziva. Asi, ndinokuudzai, kana wauya muHupo hwaMwari, unoda kuvaka artari pane imwe nzvimbo. Unoda kuwana pamwe paunganonamata uri. Akavaka artari. Akacheneswa, uye Mwari vakanga vakunda.

⁶⁹ Zvino Jakobho akashandurwa kubva pana *Jakobho*, “tsotsi,” kuva *Israeri*, “muchinda, ane simba pamwe naMwari.” Ndizvo zvakaaitika kuna Jakobho. Tsotsi, munyengeri, asina kururama, asina hutsvene, munyengeri, akanyengera mukoma

wake, akaba hudangwe, sezvazvaive, kubva kumukoma wake, akatora mamwe maitiro madiki akashata ekuzviita, munyengeri akadaro. Akanyengera tezvara vake. Akaisa zvimiti zvemupopura ndokuita mhuru dzine mavara-mavara, apo mhuru padzaibata zamu dzikasvika ipapo, dzochitarisa, namakwai. . . padzaiona chimuti chine mavara-mavara zvino chaizoita mombe dzine mavara-mavara, chodzipa mavara ekuberekwa nawo. Munyengeri, achinyengera tezvara vake chaivo. Akanyengera mai vake, akanyengera baba vake, akanyengera mukoma wake, asi paakangopinda mu. . . Akanga ari mubiridziri. Akanga achitiza kwese kwaaienda, nguva dzose achitiza kubva kuna Mwari, akanga ari kutiza kubva kumukoma wake. Asi paakauya muHupo hwaMwari, akacherechedza kuti aive mutadzi. Chii chaakaita? Chii chaakaita? Akaona mukana wake. Akanga asangana nechinhu chaasina kana kumbofunga nezvacho kumashure, zvino akagarapo kusvikira zvivi zvose zvapera. Oo, ini zvangu! Mwari vakamuisa muHupo hwaVo pachaVo.

⁷⁰ Mwari vanoronga nzira yekupinza vanhu muHupo hwavo, vobva vaita sarudzo yavo. Vamwe vavo vanotiza kubva kwaVari, vamwe vanomhanyira kwaVari. Kana vakatemerwa kuHupenyu, vanoZvitenda, vanobatirira paZviri. Kana vasina, vanoedza kutiza voti, “Hapana zviripo kwaZviri.” Maona? Zvino ndiye muchinda akarasika. “Muchinda anoreurura chivi chake, acharegererwa. Kana ukavanza chivi chako, haubudiriri.” Kwete.

⁷¹ Saka Jakobho apo iye, munoziva, zuva rakatevera akasangana nomukoma wake Esau. Aisada rubatsiro kubva kwaari ipapo. Akanga asingadi mauto ake. Akanga ari mubhizimu rokuvaka maartari. Akanga asisatyi Esau zvakare.

⁷² MaPisarema 16:8, Dhavhidhi akati, “Ndakaisa Jehovha mberi kwangu.” Ndicho chinhu chakanaka chekuita. Mapisarema 16:8, “Ndakaisa Jehovha mberi kwangu.” Saka, haaigona kuvhiringika nezvazvo. Aida kunge achiziva Hupo hwaVo, saka Dhavhidhi akati, “Ndakaisa Jehovha mberi kwechiso changu nguva dzose. Zvino ini, Dhavhidhi, ndakaisa Jehovha mberi kwechiso changu, nguva dzose ndigare ndichiziva—ndichiziva Hupo hwaMwari.” Hachingave chidzidzo chakanaka kwatiri tese manheru ano here? Kuisa Ishe pamberi pehuso hwedu kuti tigoziva Hupo hwaVo. Vaise kutanga. Sei? Vaise kutanga, mberi kwako. Sei? Zvino hauzotadzi kana uchinge uchicherechedza kuti nguva dzose uri muHupo hwaMwari. Kana wacherechedza kuti Mwari varipo, unongwarira zvaunotaura.

⁷³ Murume, kana akafunga kuti Mwari vakaenda, anotuka, anochiva vakadzi, anoita. . . anoba, anobiridzira, anonyepa. Anoita chero chinhu paanofunga kuti Mwari havamuoni. Asi muunze muHupo hwaMwari, anozvimisa iko zvino. Maona? Zvino Dhavhidhi akati, “Ndakaisa Jehovha mberi kwangu

nguva dzose.” Ndicho chinhu chakanaka. Ndosaka Mwari vakati aive murume ari pamwoyo waVo Vomene. Munhu anoita zvese-zvese paanofunga kuti Mwari havasi pedyo. Asi paanocherechedza kuti Mwari vari pedyo, makambocherechedza mutadzi here? Rega munhu ane humwari afambe achiuyapo, anorega kutuka kwake, kana achinge aine ruremekedzo zvachose. Maona? Haazotauri nyambo dzine tsvina dzaangadai ataura. Maona? Munoono, anozvisiya izvozvo, nokuti anoziva kuti ari muHupo hwaMwari, nokuti Mwari vanogara mutabhenakeri yevanhu vaVo. Maona?

⁷⁴ Mushure mokunge Dhavhidhi aita izvi, akati, “Mwoyo wangu uchafara.” Ndinoshuva kuti dai maiverenga, Mapisarema 16. “Mwoyo wangu uchafara, uye nyama yangu ichazorora mutariro.” Sei? Mwoyo wangu uchafara nokuti ndakaisa Mwari mberi kwangu nguva dzose. “Uye nyama yangu ichazorora mutariro; kana ndikafa, ndichamutswa zvakare. Nokuti haVazoregi Mutsvene waVo kuti aone kuora, uye haVangasiye mweya waKe mugehena.” Maona? Dhavhidhi paakaisa Mwari mberi kwake, uye akaziva kuti nguva dzose akanga ari muHupo hwaMwari. “Tsvagai Humambo hwaMwari kutanga.”

⁷⁵ Zvino teererai, chechi, ndinokudai. Uye ndinoda kuti munditeerere zvino. Sekutura kwaisiita Hama McCullough, “Ndiri kuzotaura chimwe chinhu.” Nguva dzose gara wakaisa Ishe mberi kwako, uye usaite chinhu chausingazoite muHupo hwaVo, nokuti Vakakurinda. Maona? Ishe vakakomberedza avo vanoVatya. HaVadaro... Vanongogara pedyo newe. Uye Vanoziva zvose zvauri kuita, uye unofanira kuzvicherechedza izvozvo. Paunotanga kureva nhema, usazviita, rangarira, Mwari vari kukuteerera. Kana ukatanga kuita kakubiridzira kadiki, usazviite, Mwari vakakutarisa. Kana ukatanga kutora Zita raVo pasina, usazviita, Mwari vari kukuteerera. Ukatanga kusvuta mudzanga, Vakakutarisa. Maona? Yavo... Taisiimba rwiyo, “Munzira yese inoenda kunzvimbo yehokwadi inogara mweya, pane ziso rakakutarisa; nhanho yese yaunotora, ziso guru iri rakasvinura, pane ziso rakakutarisa.” Rangarira, ita saDhavhidhi, isa Jehovha mberi kwechiso chako nguva dzose. Zvino mwoyo wako uchafara uye nyama yako ichazorora mutariro, nokuti Vakazvivimbisa. Hongu, changamire. Aiziva kuti aizomuka nokuti Mwari vakanga vazvivimbisa. Zvakanaka.

⁷⁶ Kana tauya muHupo hwaVo, tinoshandurwa, hatizombova vamwe chete. Tarisai zvichidzika nemumazera, emafambiro ose ehupenyu, pamunhu. Tarisai kuna Abrahamama. Unoti, “Saka, hupenyu hwakashanduka ndehwevashumiri chete.” Oo, kwete. Hupenyu hwakashanduka ndehwe munhu wese. Maona?

⁷⁷ Zvino, Abrahamama akanga ari murimi, asi paakanzwa Inzwi raMwari richitaura kwaari, uye akaona chiratidzo chiya, akava munhu akashanduka kubva panguva iyoyo zvichienda mberi. Akazvipatsanura nehama dzake, navose vaaiwadzana navo,

uye akafamba somupfuuri nomutorwa, munyika yavatorwa, mazuva ose ehupenyu hwake, achigara mumatende, nokuti akapupura pachena kuti akanga achitsvaka guta iro Mwari vari Muvaki noMugadziri waro. Aiziva kuti kwaiva naMwari, uye kwaiva neguta pane imwe nzvimbo iro Mwari vari Muvaki neMugadziri waro. Ndizvo zvatinouudzwa naVaHebheru 11, kuti aitsvaga guta iro Mwari vari Muvaki neMugadziri waro. Akava munhu akashanduka, asi zvakadaro akanga asiri chinhu asi murimiwo zvake. Asi akaona chiratidzo ndokuuya muHupo hwaMwari, zvino akava munhu akashanduka kubva ipapo zvichienda mberi.

⁷⁸ Mosesi, akanga ari mufudzi wemakwai, asi akava munhu akashanduka paakauya muHupo hwaMwari. Akanga ari mbwende, aitiza Farao, nehondo yose shure kwake. Asi nechimuti muruoko rwake, akadzokera kundatora rudzi rrose. Maona? Sei? Akapinda muHupo hwaMwari. Akava munhu akashanduka, mufudzi wemakwai.

⁷⁹ Petro, muredzi, hapana chaaiziva nezvekuredza . . . kana kuti hapana chaaiziva nezvaMwari, chinhu choga pamwe chaaiziva kwaiva kubata hove. Asi paakauya muHupo hwaMwari, uye akaona Musiki mukuru Aigona kusika hove, paAkamuudza kuti adzikise mambure kuti adhonze. Pakanga pasina kana hove ipapo, akangodhonza mambure ake mudenga. Asi akati, “PaShoko reNyu, Ishe. Ndinotenda kuti Muri Mwanakomana waMwari, uye kana Muka . . . kana ndikadzikisa mambure, Mandiudza kuti ndizviite; paShoko reNyu, nokuti iMi neShoko reNyu muri mumwe, ndinodzikisa mambure.” Zvino paakatanga kudhonza, akati, “Ibvai, Ishe, ndiri munhu mutadzi.” Munoono, mubati wehove, mushure mekunge Petro asangana naKristu haana kuzova mumwe chete zvachose. Iye, shure kwezvo, akazenge akatendeka kwazvo kuna Mwari, akapihwa makiyi ekuHumambo. Hongu, changamire.

⁸⁰ Pauro, muFarisei wokuzviitisa, akadzidza uye akafundiswa muzvitendero zvese zve . . . zvakavepo munyika muzuva iroro, mumwe wevadzidzi vepamusoro-soro aizivikanwa munyika. Asi paakauya pamberi peShongwe yeMoto rimwe zuva, Mwari waakanga atambudza, mukusaziva. Aive muFarisei, aisatenda kuti Mwari vaive Munhu. Aiziva kuti Mwari vaive Shongwe yeMoto, Yakatungamirira vanhu vaVo kubva muEgipita, Yakanga inavo nguva yose iyi. Asi paakaona Shongwe yeMoto iyi, akawira pasi nechiso chake. Zvino akanzwa Inzwi richiti, “Sauro, unoNditambudzireiko?”

Akati, “Ndimi Ani, Ishe?”

Akati, “Ndini Jesu.”

⁸¹ Akanga ari munhu, akati, “Makabhabhatidzwa sei?” Akambenge ari muHupo hwaMwari. Akava munhu

akashanduka kubva ipapo zvichienda mberi, akambenge ari muHupo hwaMwari. Hunoshandura munhu.

⁸² Charles G. Finney, gweta, gweta guru rekuPhiladelphia, asi paakapinda muHupo hwaMwari akasiya zvidzidzo zvake zvehugweta ndokuva muparidzi ane simba gurusa wenyika ino ati ambovapo.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]... aiva muparidzi, nokuti rimwe zuva akauya muHupo hwaMwari. Akafunga, kamwe, aizodzidza hushumiri. Munoziva bhuku rake. Ndine nhorondo yehupenyu hwake. Akabuda kunonamata. Akafunga kuti aiva muparidzi. Aiva nechishuwo, chekuti aida kuparidza, uye akazvigadzirira mharidzo shoma dzaaizoedza kuparidza. Akabuda rimwe zuva, achibuda muhofisi yake, kundonamata, akaenda kunze musango. Akapfugama seri kwemuti wekare wakanga wapunzirwa pasi nemhepo, uko kwaaienda masikati ega-ega. Ari munati chaizvo, asi akanga asingatendi maZviri.

Muchechei maiva nemadzimai maviri, vakaramba vachiti, “VaFinney, tiri kukunamatirai kuti mugamuchire Mweya Mutsvene.”

Akati, “Ndine Mweya Mutsvene.” Akati, “Ndiri muparidzi.”

⁸³ Vakati, “VaFinney, muri munhu mukuru, uye mune kubata kukuru paShoko, asi munoda Mweya Mutsvene. Tiri kukunamatirai.” Madzimai madiki anotapira.

⁸⁴ Saka akaenderera mberi, achidaro. Saka mazuva ese aibuda achienda seri kwehofisi yake, mukuru wake nevamwe vese ikoko kwaishanda, zvino aibuda muhofisi yake yemagweta oenda kunze ikoko kunonamata. Zvino rimwe zuva akanga ari kunze ikoko achinamata ndokunzwa kutyoka kwekatsotso. Akafunga kuti mukuru wake akanga achiuyako, achimutsvaga. Akasvetuka achisimuka nekukasika chaiko. Akanga achiti, “Ishe Mwari, ndinoKutendai.” Uye kamwe katsotso ndokutyoka, akati, “Uhm! Uhm! Uhm!” akasimuka ndokuti, akatarisatarisa, kuona kuti chii chakanga chatyora katsotso. Zvino ndipo apo paakauya muHupo hwaMwari. Akacherechedza kuti katsotso kakatyoka nechinangwa. Akamira ipapo, misodzi ichiyerera nepamatama ake. Akati, “Pamwe madzimai aya aireva chokwadi. Ndinonyara kuti mumwe munhu andione ndichitaura naMwari wangu, asi ndaizofunga kuti kwaiva kukudzwa kuti mumwe munhu andione ndichitaura nemukuru wangu. Ishe vangu vakuru sei kupfuurira mukuru wangu!” Akati, “Ishe, ndiregerereiwo mundizadze neMweya Mutsvene,” akatanga kuridza mhete nekudanidzira. Akanga ari muHupo hwaMwari. Akamhanyira mudhorobha nekukasika chaiko kuhofisi kwake. Akasvika pakudanidzira zvine simba zvekuti akatoenda kuseri kwemusuwu, akati, “Ishe, ndichaunza kunyadziswa paMuri. Ndivigei seri kuno kusvika ndabuda

mukubatwa uku.” Sei? Akanga apinda muHupo hwaMwari. Akava munhu akashanduka. Mharidzo dzaaisimboparidza, akaparidza mharidzo dzimwe chete idzodzo mweya ndokuuya kuartari. Munooni, akanga ari muHupo hwaMwari.

⁸⁵ Moody, mugadziri weshangu mudiki wakare, aisatomboziva maABC ake. Ndizvozvo. Matauriro ake akanga asina kutsetseka. Mumwe munhu akamuudza rimwe zuva, “Matauriro enyu akashata zvikuru, VaMoody.”

Akati, “Asi ndiri kuhwina mweya nawo.” Saka . . .

⁸⁶ Rimwe zuva mapepanhau, mupepeti wenhau akatanga kunyora mubepanhau. Akaenda kunooni kuti murume uyu aigona sei kubata chaunga chevanhu mune chero zvinhano, kamuchinda kadiki kakare, kane mhanza, nezvose, uye kane ndebvu dzakarembera pasi-pasi, kaine chidumbu, uye kakanga kari kamurume kakashata kutarisa. Saka bepanhau iri rakanyatsomutsoropodza, akati, “Handioni kuti chii chaizvo-chaizvo chekuti chero ani zvake angaona muna Dwight Moody.” Akati, “Akanyangara, inzwi rake rinozhezhera, ane ndebvu dzakadzika zasi kusvika muchiuo chake, ane mhanza kunge nhanga.” Ndokuti, “Ko munhu angazomboenda sei chaizvo kunooni chero chinhu zvacho muna Moody?”

⁸⁷ Saka maneja waMoody akazviona, akati, “Honhai, VaMoody, ndichakuverengerai izvi.” Moody aisagona kuzviverenga pachake. Saka akati, “Ndichakuverengerai chinorwa.” Zvino akachinyora.

⁸⁸ Moody akangosimudza bendekete rake, ndokuti, “Zvirokwazvo kwete, vanouya kuzooni Kristu.” Ndizvo zvoga. Sei? Akambenge ari muHupo hwaMwari. Kubva pakugadzira zvitsiko zveshangu, kuti vanhu vapfeke; akashongedza vanhu neVhangeri regadziriro. Sei? Akanga ari muHupo hwaMwari. Ndizvozvo.

⁸⁹ Mumwe mudzimai mudiki imwe nguva akauya muHupo hwaMwari, aine mhosva kwazvo. Munguva pfupi yaakacherechedza kuti akanga ari muHupo hwaMwari, chivi chose chakaregererwa uye akanga achena uye ave muchena sehapa. Oo, ini zvangu! Vangani vamwezve vandaigona kudana pano pavanhu, nguva haitendere.

⁹⁰ Asi ndinoda kutaura zvisihoma-shoma pamusoro pangu ini. Chii chaigona kuva chakaderera kupfuura ini? Ndaivepi? Ndakabuda mumhuri yezvidhakwa, ndakabuda mumhuri yemhondi, ndakabuda mumhuri yevaitengesa doro zvisiri pamutemo. Uye munoziva kuti, mumwe nomumwe wenyu anozviziva, munoziva mhando yezita rataive naro kuno. Vanhu vaisataura nesu mumugwagwa. Ndaienda kudhorobha, ndotanga kutaura nemumwe munhu, hapana aitura neni kunze kwekunge patoshaikwa mumwe munhu aivepo. Vaitaura neni, mumwe munhu akauya, vandinisiya. Zvino ndaimira

ipapo ndochema, “Kwete, izvi hazvisizvo, hazvingadaro. Izvi zvakaipa.”

⁹¹ Asi rimwe zuva ndakauya muHupo hwaMwari. Vakandishandura uye vakandiita imwe mhando yemwanakomana. Nyasha dzaVo dzakandiunza muHupo hwaVo. Handina kumbobvira ndada kuHusiya. Ndanga ndiri muno zvino kwemakore makumi matatu neanoraudzira. Handidi kuHusiya. Ndine chivimbo chekuti ndichagara ndiriMo. Kunyange rufu pacharwo haruzombondiparadzanisa neHupo hwaVo. Kwete. Ndichava naVo nokusingaperi. Pandakaona Hupo hwaVo kekutanga, ndakachema saIsaya, “Ndine nhamo.” Vakabva vandibata nyenya dzaVo. Ndakava munhu akashanduka. Kamambara kaisimbobuda kunze kuno koenderera nezvimwe zvese, kakashanduka, uye kubva ipapo ndakanga ndiri mwana waVo. Kubva ipapo, ndakashuvira kupa hupenyu hwangu hwese kushumiro yaVo, ndinongoshuva chete kuti dai ndaive nezvimwezve zviuru gumi zvehumwe hupenyu hwekuVapa. Uhwu hwave kusakara kwazvo zvino, makore makumi mashanu nematatu apfuura. Angava makumi matatu nematatu awo akanga ari, kana kuti makumi matatu nemaviri awo akanga ari muEvhangeri. Ndinoshuva kuti dai ndaive nechimwe chiuru chandaigona kushandisa. Sei? Pandakangopinda muHupo hwaVo ndokucherechedza kuti paiva nemumwe Munhu Aida vasingadiki, paiva nemumwe Munhu aindida pasina mumwe munhu akazviita, paiva nemumwe Munhu Aiva nehany’n’a neni pasina mumwe munhu aiva nehany’n’a. Ndakambundira muchinjikwa waKe, ndikaumbundira kwandiri, uye ini naYe tikava mumwe ipapo. Uye kubva ipapo zvichienda mberi ndakaMuda. Akatindivadza chipfuva changu nemoyo wangu neRopa raKe, nekundibata nekundiregerera zvivi zvangu, uye ndinofara manheru ano kuva mumwe wevaKe. Handifi ndakashuvira kubva munzvimbo ino yeDenga, kunyange muedzi akaedza kazhinji kundinyengetedza; asi ndakachengeteka muimba yaMwari, uye ndinofara murudo rwaVo nyenya, uye ndiri kugara kudivi rehareruya. Ini zvangu! Zvinoita kuti mwoyo wangu ufare.

⁹² Ndiri kuVakurudzira kumunhu wese akaneta. Ndiri kuVakurudzira kwauri iwe usina tariro. Iwe usina kumbova muHupo hwaVo, chinhu choga chaunofanira kuita kureurura zvivi zvako wocherechedza kuti wakakanganisa, uye Mwari vane Mutumwa iyeye akagadzwa manheru ano, anonzi Mweya Mutsvene, achabvisa zvivi zvako zvose. Zvino uchadanidzira kuti, “Ishe, ndiri pano, nditumei.” Zvino uchasimudza maoko ako uye woimba kuti, “NdichaMurumbidza! Ndichamurumbidza! Rumbidzai Gwayana rakabayirwa vatadzi. Mupei mbiri, imi vanhu mose, nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.” NdinoMuda. Haudaro here? Kugara muHupo hwaKe!

⁹³ Ndauya papurupiti pano mangwanani ano, ndichinzwa kuipirwa kwazvo uye ndichirwara zvikuru kubva...Nda—ndakanga ndiri zasi kuKentucky vhiki rapfuura nedzimwe shamwari dzangu dzepedyo dzakagara muno. Zvokuti dai ndakagara zasi ikoko kwenguva refu, vaizondiuraya, chokwadi vaizodaro, nemutsa, vamwe vevabiki vepamusoro-soro vandati ndamboziva muhupenyu hwangu. Zvino pandaiti kana ndakwana, ndagutisa, “Hama Branham, hamungadewo here zvimwe zveizvi?” Zvino zvakanonaka kwazvo, ndongoedza kuzvidzikisa. Ndakagutisa zvekuti ndaitadza kana kupfakanyika. Nda—ndaitadza kurara, zvino ndaimuka ndombofamba-famba kwechinguva. Zvino ndanga ndisiri kunyatsonzwa zvakanaka pandapinda muno mangwanani ano. Asi kamwe chete pandapinda muHupo hwaKe, zvabva zvaringana. Zvaringana, zvese zvabva zvapera ipapo. Ndizvozvo. Oo, kugara muHupo hwaKe!

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
Mupei mbiri imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

[Hama Branham vanoimba mahon’era *NdichaMurumbidza—Mupepeti*]

Nokuti Akandiitira zvakanaka kwazvo;
Akaregerera kudarika kwangu;
Uye Ropa raKe rakasuka chivi changu.
NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;
Mupei mbiri imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

[Hama Branham vanoimba mahon’era *NdichaMurumbidza—Mupepeti*]

⁹⁴ Zvino kana uri muno manheru ano. . . Uye ndinoziva Hupo hwaKe huri pano. Ndakamira umo nguva yapfuura, kune musikana mudiki weChurch of God, ndasundwa neMweya Mutsvene pandanga ndichinamatira mwana mudiki iyeye. Vabereki vacho vanga vauya vachibva zasi kunzvimbo yemusasa yeAnderson Church of God. Zvino mutariri weikoko, achiziva mwana, vanachiremba vakati “aigona. . . ari kuzofa pakarepo, nekenza yemuroma.” Musikana mudiki, mudiki anotapira, ari kumatanho ake ekupedzisira zvino. Adzoka imomo ndokutambanudza ruoko rwake rwudiki kwandiri, rwose rwakazvimba, netsono nezvimwe zvakanaka marwuri, uye rwuri bhuruu. Ndatarisa paari, ndikaona chiratidzo. Vabereki vakanga vachangoverenga bhuku kunze uko. Hapana chavaiziva nezvazvo. Mutariri mukuru wepamusasa kumusoro ikoko akavaudza, akati hunzai mwana zasi kuno. Vanga vachida

kudzoka kana tave neshumiro yekunamatira vanorwara. Ini ndikati, “Huyai nemwana izvozvi,” ndanzwa kutungamirirwa.

⁹⁵ Pandanga ndakamira imomo chaimo, Mweya Mutsvene wadzokera kumashure chaiko ndokuburitsa nhorondo yemwana. Ukataura zvese kuti zvakaatika sei, zvavakanga vaita. Ukataura vavariro yemusikana mudiki, yaive yekuridza piyano. Zvino amai ivavo vatongopotsa varidza mhere. Uye baba ivavo vakati, “Ndicho chokwadi chaMwari.” Vakagara imo mumotokari izvozvi vachizviteerera, vatadza kupinda, vakagara kunze ikoko vachizviteerera zvino.

⁹⁶ Pauya chidzitiro chikuru chemumvuri wakaremba pamusoro pemwana. Ini ndikati, “Satani, wakundwa.” “Hamuremekedzi munhu, Mwari. Uye nesimba rerumuko rweNyu, uye semuranda weNyu, ndinodzinga dhimoni iri kubva mumwana.” Chiedza chikuru chapenya pamusoro pake, zvabva zvapera. Amen. Huh? Chokwadi, Vakakodzera rumbidzo yose!

⁹⁷ Vanoziva zvinhu zvose. Vanoziva mwoyo wako. Uye unoziva zvauro kufunga; Vanodarowo, zvakare. Kana paine chivi chidiki chakaremba pauri manheru ano, uye haungade kuenda muHupo hwaMwari uinacho pauri, ungasimudzazve here ruoko rwako woti, “Hama Branham, ndinamatireiwo, ndinoda kuva muHupo hwaVo neZuva iroro, ndisina mhosva.” Mwari vakuropafadzei. Maoko mazhinji, Mwari vanorwuona. MuHupo hwaVo. Zvino ndichakuudza zvaunoita. Zvino chinyatsoteerera. Ita sezvakaitwa naDhavhidhi, isa Ishe mberi kwako iko zvino. Isa Ishe pakati pako nechivi ichocho, chero zviri chivi ichocho chidiki chinoshungurudza. Kungava kunyepa, kungava kuba, kungava kufunga kwakaipa, dzingava hashu, kungava kunwa, kungava kuputa, kungava kubheja. Handizivi kuti chii. Rungava ruchiva. Chingava chero chinhu. Handizivi kuti chii. Chero zvazvingava, isa Ishe mberi kwako. Uye zvakare mwoyo wako uchafara, uye nyama yako ichazorora mutariro, nokuti unoziva kuti Kristu akavimbisa kuti Aizomutsa zvakare mumazuva okupedzisira. PaAnouya, tichauya mumufananidzo waKe. Haungazvitewo here zvino, tichinamata?

⁹⁸ Baba vedu Vokudenga, Mharidzo yakagurwa-gurwa nemuranda akaneta akarukutika. Asi ndi chingofunga nezvenyaya ye “kugara muHupo hwaMwari.” Uye tinoona manheru ano runziro yazvakaita pavarume vatsvene kuuya muHupo hweNyu, runziro yazvakaita pavari. Vakuru vakare, vaporofita vakuru vane simba vakagadzwa naMwari, uye vakatumwa kunoparidza Shoko, uye zvakadaro vosangana naVo chiso nechiso vovira pasi semunhu akafa. Ko tichaita sei nezuya iroro, Ishe? Tafungisisa nezvazvo. Tanga tiri kuzvifunga. Mamwe maoko makumi mana kana makumi mashanu anga achizvifunga, Ishe, nokuti vangosimudza maoko iwayo, kana moyo iri pasi peruoko, vanga vachifunga nezvekusangana naYe

kubva patanga tichitaura. Vaizoita sei kana vaifanira kusangana naYe?

⁹⁹ Maoko angu, Ishe, akasimuka. Ndichaitei? Zvino, Baba, ndine zvinhu zvakawanda zvandinokanganisa. Ndangobva kureurura chivi changu mangwanani ano pamberi pechechi, sekuchireurura kwandakaita kwaMuri pamusoro pegomo mamwe mangwanani apo kwaivhuvhuta uye kuchidonha chando, uye kumusoro ikoko pamusoro pegomo, kuti ndakachema sei uye ndikaKukumbirai kuti mundiregerere nokuda kwehupenzi hwangu. Uye ndaizeza sei kuuya pamberi pehama dzangu, avo vamwe vavo vanonditora semushumiri ari muporofita weNyu. Uye, Ishe, ndaive ndichivenga kuuya pamberi pavo sei uye kuti ndivaudze nezvechiito choupenzi chekuti ndingaita sei chinhu chakadaro, asi, Mwari, zvakanakira mweya wangu kuti ndireurure zvivi zvangu ndirege kuzvivanza. Saka kuva ndakatendeka kwaMuri, uye nepamberi pevanhu chaipo, ndazvireurura, Ishe. Ndakakanganisa, ndakakanganisa zvachose. Ndinonamata kuti mundiregererewo.

¹⁰⁰ Uye zvakare, Baba, ndanga ndichinonokera nezveNyu, kuKushumirai, nguva zhinji pamwe ndingadai ndakatora nguva refu apo pandisina kuzviita. Baba, ndinoreurura zvivi zvangu. Ndinoda Mutumwa waMwari kuti andichenese kubva kwazviri, neRopa raJesu. Mamwe maoko asimudzwa manheru ano, vamwe vavo pamwe havasati vambokumbira ruregerero; asi ndine chokwadi nechinhu chimwe chete ichi, kana tikareurura zvivi zvedu, Mwari vachazvidzima, vozviisa mugungwa rekanganwiwo uye havazombozvirangariri zva—zvachose. Uye, Baba, ndichireururawo zvangu, pamusoro pekusazvibata pamberi pevanhu ivavo, handina kuzvibata semuranda waKristu. Handina. Ndaitya kuti munhu aigona kunditsamwira uye ndichifunga kuti ndakanga ndisingadi kurwadzisa manzwiwo ake, asi handina kufunga zvandaiita kwaMuri, Ishe. Uye zvino ndi—ndinonamata kuti Mundiregerere. Uye zvino, Baba, ndinoziva kuti kana ndikakumbira ruregerero ndinowana kuregererwa, uye Makazviisa mugungwa rekanganwiwo, uye haMuzozvirangariri zvakare. Mwari, ndinotenda nokuda kwazvo.

¹⁰¹ Uye ndinonamata kuti Muchaita kuti munhu wose ari pano, ane chivi, chivi chinoshungurudza chechero chinhu chiri mberi kwavo, dai vachibvisa uye vaisa Ishe mberi kwavo sezvakaita Dhavhidhi. Pari zvino tinochemba, “Ndine nhamo, nekuti ndaona Kubwinya kwaMwari. Ndiri murume ane miromo ine tsvina, kana mudzimai kana musikana ane miromo ine tsvina, mukomana, kana chimwe chinhu.” Chero zvatingave, hatina kuchena, uye tinokumbira Ropa raJesu Kristu, Chibairo chakapihwa, kutichenesa kubva kuchivi chose, kuti tigogara muHupo hwaKe. Ngatibve pano manheru ano nemoyo yedu ichifara, uye nenyama yedu yakazorora mutariro, tichiziva

izvi, kuti kana Jesu azouya, tichamutswa pamwe chete naYe mumufananidzo waKe, uye tichasangana naYe mumhepo, muKubvutwa, kana kuverenga nenhendashure kwazopera. Tinoona zera rechechi rechinomwe rakatopedza kuverengwa kare, uye tagadzirira zvino kusimuka. Tinonamata, Mwari, kuti iMi, Musati mavhara mukova, kana paine mumwe pano manheru ano asina kumbopinda, dai vakurumidza kupinda nekuchimbidza chaiko, nokuti tinonzwa kuti musuwo wetsitsi, uri pakati petsitsi nokutongwa, wave kuvharwa. Avo vachagamuchira tsitsi vachapinda. Avo vasingapindi vachawana kutongwa. Mwari vanovhara musuwo. Dai pakasava nemusuwo unovharwa manheru ano kune mumwe nemumwe wevatadzi vari kureurura ava. Dai tose tawanirwa ruregerero netsitsi. MuZita raJesu Kristu.

¹⁰² Uye zvino, Baba, kune vanorwara nevanotambudzwa, kune avo vanoshaya, ndinonamata kuti nyasha dzeNyu dzigovapa zvose zvavanoshaiwa. Dai vakapinda muna Kristu, muHupo hwaKe. Isai Kristu, Kristu, chipikirwa, “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwangu,’ zvinova zvivi zvangu. ‘Nemavanga aKe ndakaporeswa,’ zvino ndinoisa Ishe mberi kwehurwere hwangu. ‘Vari kuruoko rwangu rworudyi, uye handizozungunutswi,’ zvino ndinofambira mberi ndisingatyi, ndichipupura kuti ndaporeswa. ‘Namavanga aKe ndakaporeswa.’” Zviitei, Ishe, kune mumwe nomumwe wavo. Uye tinoziva kuti kana tikapupura nemoyo yedu uye, kana nemiromo yedu, uye totenda mumwoyo yedu, zvino tinova nechishuvo chedu.

¹⁰³ Makati, “Paunotaura chero chinhu, uchitenda kuti chinoitika, unogona kuva nezvawataura.” Tinozvitenda, Baba, uye tinotenda kuti Muchatichenesa kubva kuzvivi zvedu zvose, nokupodza hurwere hwedu hwose, uye tipeiwo nyasha, Ishe, dzokuti tiKushumirei.

¹⁰⁴ Ivai nevanhu ava. Vazhinji vavo vachafamba mumigwagwa ine rima manheru ano. Vazhinji vavo vachafamba mamaira akawanda. Musarega chero chinhu chichiitika kwavari, Ishe. Vanouya vachibva nemunyika mose kuti vagare pano vachiteerera kuverenga nenhendashure, kuti vaone kuti tiri pedyo sei nguva yekupedzisira. Zvino ndavakumbira kuti vaende, vachiisa Mwari mberi kwavo, nguva dzose mberi kwavo, pamberi pechero chinhu chipi zvacho. Vasati vapinda parwendo rwavo, vasati vafamba, vasati kwavo . . . vasati vamuka, mushure mekunge vaenda kunorara, nguva dzose vasati varara, chero kwakungava, vaise Mwari pakutanga! “Nokuti Vari kuruoko rwangu rworudyi, uye handingazungunutswi.” Zvino mwoyo yavo ngaifare, kuziva kuti vawana zvavakumbira, nokuti Mwari vakazvivimbisa, uye nyama yavo ichazorora mutariro. Zviitei, Ishe, nokuti tazvikumbira muZita raJesu Kristu. Ameni.

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;

Mupei mbiri imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa roga-roga.

¹⁰⁵ Zvino notenda here kuti waisa Ishe pakati pako nechivi chako, pakati pako nehurwere hwako, pakati pako nokutadza kwako, pakati pako nenzira dzako? “Jehovha vari mberi kwangu nguva dzose, uye ndiri muHupo hwaVo. Nguva inotevera yandinotanga kubatidza mudzanga, Ishe vari mberi kwangu. Nguva inotevera yandinotanga kuchiva, Ishe vari mberi kwangu. Nguva inotevera yandinotanga kutaura chero chinhu chakaipa, Ishe vari mberi kwangu. Nguva inotevera yandinotanga kutaura chinhu chakaipa, Ishe vari mberi kwangu. Uye handingazungunutswi. Amen. Ndichagara muHupo hwaVo zuva rega-rega, nekubata kwangu, zuva rega-rega nehurukuro yangu. Ndichafamba sokunge Ishe vari mberi kwangu, nokuti manheru ano ndaVaisa mberi kwangu. Handingazungunutswi.” UnoVada here?

¹⁰⁶ Zvino, ngatisimukei zvino. Oo, ndiri kungonzwa zvakanaka kwazvo. Ndinongonzwa sekuti handidi kuenda kumba. Uye munoziva kuti anenge maminiti makumi maviri nemashanu chete kusvika pana nine, ndakurumidza nemaawa anenge maviri. Hazvishamise here? Oo, ini zvangu! Asi zvino apo tichienda, ngatirangarirei, tinofanira kutora Zita raJesu pamwe nesu, senhovo kubva pamiteyo yose. Uye kana miedzo yaungana yakatikomberedza...yoedza kutidzivisa kuti tizvirangarire, chingofema Zita dzvene iroro mumunamato.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nokunyaradzwa,
Oo, Ritore kwose kwaunoenda.

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O
rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O
rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

¹⁰⁷ Vangani vanofadzwa nemufundisi wedu, Hama Neville? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hamutendi here kuna Ishe nokuda kwemurume akanaka, akatendeseka, wemazuva ose, anotenda Evhangeri? [“Ameni.”] Uye vari kuita basa rakanaka kwazvo nekuteerera Mirairo yaMwari, nokuparidza Shoko nokuchengetedza hupo hukuru uhu hwemweya muchechi nguva dzose. Rangarirai, ndauya zasi kuMahombekombe oKumabvazuva, ndikayambukira kuMaodzanyemba, ndokukwidza nokuMahombekombe okuMadokero, nekupfuura nemuCanada, zvino handisati ndambosangana nechechi imwe inova yemweya sechechi ino iri ipo pano. Vave kumagumo, hongu, kungave kupengereka,

kana kungoenderera nezvemanyawi, kana kuti vave kutonhora zvikuru havagoni kuzungunutswa. Ndizvo zvoga.

¹⁰⁸ Zvino, munodanana here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Oo, kwazisanai maoko mumwe nemumwe, uye muti, “Ishe ngavarumbidzwe.”

¹⁰⁹ [Hama Branham vanokwazisana maoko nevanhu—Mupepeti] Ishe ngavarumbidzwe. Ishe ngavarumbidzwe. Ishe ngavarumbidzwe. Ishe ngaVarumbidzwe, hanzvadzi. Ishe ngavarumbidzwe. Ndafara kuti manga muri pano, hama. Ishe ngaVarumbidzwe, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei. Zvakana. Mwari vakuropafadzei. Tichadaro. Mwari vakuropafadzei. Ndinoziva zvamunoda. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei.

Tora Zita raJesu newe,
 SeNhowo kubva kune miteyo yose;
 Kana miyedzo ichinge yakukomberedza, (chii chaunoita?)
 Fema Zita Dzvene iroro mumunamato.
 Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O
 rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
 Tariro yenyika nemufaro weDenga;
 Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O
 rinotapira sei!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga.

¹¹⁰ Ngatikotamisei misoro yedu zvino. Zvinyoro-nyoro, ngatisazvikanganwei zvino. Ngatiimbei ndima iyoyo zvakare.

Tora Zita raJesu newe, (Kuitirei?)
 SeNhowo kubva pamiteyo yose; (Kana Satani akaedza kukuteya.)
 Kana miyedzo ichinge yakukomberedza, (Chii chaunoita?)
 Chingofema Zita Dzvene iroro... (“Nokuti Ishe vari mberi kwechiso changu; handingazungunutswi!”)
 Zita Rakakosha, (Zita Rakakosha!) O
 rinotapira sei!

Hama Neville.



MuHwopo Hwavo SHO62-0909E
(In His Presence)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gunyana 9, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org